



Pou Piblikasyon Imedya: 22/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL NAN KAD ANIVERSÈ ROE V. WADE LA

"Senkanteyen ane de sa, dwa yon fanm pou pran pwòp desizyon sou swen sante repwodiktif li te konfime pa desizyon Kou Siprèm lan nan Roe v. Wade. An 2022, menm tribinal sa a te retire dwa fanm yo nan desizyon Dobbs la – sa ki te mete lavi fanm yo nan tout peyi a an danje.

Pandan de ane ki sot pase yo, nou te wè enpak devastatè disparisyon Roe. Nouvo entèdiksyon avòtman ap adopte nan Lejislati Eta atravè peyi a. Yo refize bay pasyan yo swen medikal ijan akòz desizyon politik ekstrèm yo. Plizyè milye fanm ap pèdi aksè ak medikaman ki sove an lavi.

Men, New York ap riposte – nou rete djanm kòm yon pò ki an sekirite pou swen avòtman. Nou te pase lwa ki lidè nan peyi a pou pwoteje konfidansyalite pasyan yo, nou te investi 35 milyon dola pou sipòte founisè yo, nou te elaji aksè ak telesante pou swen repwodiktif, nou te rasanble medikaman ki nesèsè yo, ak anpil lòt bagay ankò. Jodi a, pandan n ap make anivèsè solanèl Roe, nou kontinye angajman nou nan batay pou dwa repwodiktif la.

Pou moun k ap chèche limite aksè yon fanm pou swen avòtman nan New York, mesaj mwen an senp: se pa isit la, se pa kounye a, jamè."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)